ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM

6 ноябрь 2025 год № 21 (589)



ОРДЕН «ЗА ЗАСЛУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ



А.-Х. Кадыров

# ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

## НАШЕМУ ИЗДАНИЮ СЕГОДНЯ 35 ЛЕТ

**Газета выпускается с 1990 года. Эта первая исламская газета в СССР.**

**Несмотря на все сложности, благодаря поддержке Первого Президента ЧР, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова, куратора газеты-Председателя совета алимов СКФО Хож-Ахмеду-Хаджи Кадырову, министра по национальной политике, внешним связям, печати и информации Ахмеду Дудаеву и безграничному труду, настойчивости и любви к своему детищу Масхуду Заурбекову «Зори Ислама» выходит до сих пор.**

**Издание вносит свой вклад в духовно-нравственное воспитание подрастающего поколения, устраивая религиозные конкурсы и викторины. Проводит познавательную работу, публикуя материалы, которые отвечают на самые главные и важные религиозные темы.**

**Весь наш коллектив глубоко понимает всю ответственность нашей работы и старается делать ее самым богоугодным способом.**

**Пусть Всевышний будет доволен всеми нами!**

**Аллах1 реза хуьлда, что все это время вы смотрите и читаете нас!**

## «ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ» - ЙЕРРИГЕ А СССР ПАЧХЬАЛКХЕХЬ А БУСАЛБА ДИНАН ДУЬХХЬАРЛЕРА ГАЗЕТ!




1990-чу шеран асаран беттан деношкахь, хІетахь кхоллайеллачу ДУМЧИ-н (Духовное управление мусульман Чечено-Ингушетии) муфтица къоначу Іеламстагаца Газабаев ШахІид-Хьаьжица цхьаьнакхетар хилира сан. Бусалба нахана лерина газет арахеца сайн лаам хилар хьахийра ас цуьнга. Дукха воккхаверца тІеийцира ШахІид-Хьаьжас сан Іалашо, амма ахчанца шен харжаш йан таро цахилар схьахаийтира сихха. Ас элира: «Оцу тІехь ахь сагатдан оьшуш дац, и ас сайна тІелоцур ду», – аьлла. 1987-чу шарахь дуьйна производственни кооператив схьайиллина, дуккха а нахана белхан меттигаш а хуьлуьйтуш, Дала аьтто бинера сан сайн таро хила а. Ас деанчу гІуллакхна чІогІа реза хиллачу ШахІид-Хьаьжас элира: «Вайн махкахь гучуйаьлла цхьа тоба йу шайх «вахабисташ» олуш. Иза вайн берриге а махкана доккха зулам дохьуш тоба йу. ЧІогІа дика хир дара бусалба нехан газет хилча, царна дуьхьал идеологически болх дІабаьхьча». ХІетахь и тайпа хилам (вахабистийн тоба) вайн махкахь хилар суна дуьххьара хезира ШахІид-Х ьаьжера, дукха нахана хууш а дацара и. Тхойшиннан барт хилира. Амма хІетахь Советийн Іедалан и бакъо луш долу «Зорбанан хьокъехь Закон» ара далаза дара. Бакъду, Іедалан агІорхьара кхерам а бара и тайпа газет арадаккха гІортар, Муфтията чохь денна а Іеламнехан, цига хІуьттучийн «доладеш» республикин КГБ-н белхахо Мадаев Леча вара. Хууш дара, динан хьокъехь долчу зорбанна тІехь гуттар чІогІа тидам латториг хилар, нагахь и тайпа бакъо луш хилахь а. Амма сан лааман доза дацара, цхьана а тайпанчу кхерамо со сацор ву а ца моьттура суна, нагахь и бакъо хила йиш йолуш йелахь а.

Журналистан балхахь со воцу дукха зама йаьлла хиларна, гІар ца волуш, сайна тешаме накъост лахаран ойла йира ас. Шина дагахь воцуш, сан ойла журналистана Тимирханов Іадnанна тІехь сецира. Іаднан суна дика вевзаш а, ас чІогІа лерам беш, дика а, оьзда а накъост вара, хІетахьчул ткъех шо хьалха Нажи-йуьртахь сан гергарло тасаделла. Оцу заманчохь Соьлжа-ГІалахь арадолучу НГІ-н Республикин «Даймохк» газетан белхахо вара иза. Дехха дийцарш динчул тІаьхьа, Іаднана сан лаам тІеийцира, оцу балхана кхин а цхьа белхахо – Хаджимурадова Санет йукъаозо барт а хилира тхойшиннан. Хьалхара номер арайаллалц, гІар ца довла барт хилира тхан: хьанна хаьара мичахьарчу кхераме, йа новкъарлоне ладегІа деза? Оццу хенахь ас сайн вукха накъосте – журналисте Гапураев Хьасане (Хьасан соьца цхьаьна Шелан кІоштан газетан редакцехь болх бина вара) къамел дира суо Калуга шахьара, вайн махкара арабаьхна дика нах, вайн махкахой – эвлайааш Іийначу метте ваха Іалашо йолуш хиларх лаьцна. Хьасан соьца ван лиъна карзахвелира, и лаам болуш ша хьалхе дуьйна хилар, амма ахчанца таро йоцуш хилар хоуьйтуш. Йеш йолу харжаш сайн чоьтах йолуш, Хьасан сайца вуьгур ву аьлла кхаъ баьккхира ас цуьнга. Тхойшиннан барт хилира, хьаьттан баттахь, цуьнан отпуск йолчу хенахь, новкъавала. 1990-чу шеран хьаьттан беттан 2-чу дийнахь сан хІусамехь Хьасан волуш, сайн вежарий, сан хьеший – Іавдин а, Іелин а муридаш.

– Маьхьта, ГІайрбиг, кхиберш болуш, мовлад а дешна, новкъа довла кечам бира оха. Хьасана хаийтира, шайн кхин цхьа белхахо – журналист Вокуев Тутуш чІогІа цига ван лууш хилар а, цуьнгахь ахча цахилар а. Йан йезачу харжашна сагатдан оьшуш цахилар а хаийтина, тхайца вигира оха Тутуш а. Калугехь дукха видеосъемкаш йира оха, архивера алссам материалаш а йеара. «Даймохк» газетан агІонаш тІехь дукхах йерш зорба а туьйхира. Іаднанаца охашимма газетан хьалхарчу номерна материалаш кечйан йолийра. Іаднана Иорданера хІетта даймахка цІавирзина волчу вайн махкахочун Бено Аминан къамел дІайаздира, кхийолу материалаш а вовшахтуьйхира, Санета Курчалой-Эвлахь хІетта болх бан йолайеллачу хьуьжарера материалаш кечйира. Х Іинца дуьненахь а дика вевзаш волчу Нохчийн Республикан хьалхарчу Президентаца, Россин Турпалхочуьнца Кадыров Ахьмад-Хьаьжица хиллачу цхьаьнакхетарх, мутаІеламийн дахарх лаьцна йаздира, ас Гапураев Хьасанаца цхьаьна йазйина «Іавдин кІант Іела» очерк кечйира.

Муфтиятехь масийтта цІе йиййцаре йира: «Ислам», «Исламан нур», «Нурул Ислам», «Динал Ислам», кхин дІа а. Амма «Исламан зІаьнарш» – «Зори Ислама» тилла сацийра газетан цІе. Со реза а хилира.

Газетана регистраци йан Министрийн Совете (Председателан заместитель волчу Эльмурзаев ГІайрсолтин цІарах) заявлени чу делира ас 1990-чу шеран эсаран беттан деношкахь. Оццу хенахь газетан номерна лерина материалаш, макет а хІоттийна, «Книга» цІе йолчу цхьаьнакхетаралле (хІинца «Грозненский рабочий» типографи) зорбатохийта чуйелира. Цуьнан директорца Дзейтов Хьаьжбекарца дийцина, I000 сом ахча (хІетахь цунах уггар тоьлла бежана догІура) цуьнан счета тІе даьккхира ас, цунах къайле йина латтадайта, сайна накъосталла дайта доккха совгІат а дира, цул сов газет зорбанна кечдеш болчу цуьнан белхахошна а совгІаташ дира.

ХІаьжбекара болх тІелецира, амма регистраци йина хиларан хьокъехь кехат карахь хир дацахь, газет типографи чуьра арадаккхийта шен бакъо цахилар а, и дан ша ваьхьарг цахилар а хаийтира, цунах со кхеташ а вара – дукха луьра а, чІогІа а дара советийн Іедал. ХІоттийначу макетаца наборйар чекхдаьлча, газет зорбатоха кечдан долийра, амма белхан хан чекхйаьлла, белхалой цІа баха кечлуш бара. Оьрсийн къомах йолчу (цуьнан цІе йицйелла суна) меташкане ас дехар дира, цунна кхин т Іе а совгІатана ахча а делла, «тховса тІаьхьа а сецна и болх чекхбаккхахьара ахь», аьлла. Муьлххачу хенахь болх чекх балахь а, айса машенахь цІа дІакхеториг хилар а хаийтира, амма ша типографин кевнна гена йоццуш Іаш хилар, дІакхето оьшуш цахилар схьахаийтира цо. Со кхоьрура газет кханенга даьлча, тхан балхана Іедало цхьа новкъарло йарна. Т Іаьххьара ас динчу нисдаршна правкаш а йина, наборщица дІайахара. ХІинца, печатница шен верстки тІехь нисдарш чекх а даьхна, газетан цхьа экземпляр йохьуш суна тІейеара – со цеха чохь цуьнан балхе ладоьгІуш вара, хІинца со декхарийлахь вара цу тІе «В свет разрешаю» аьлла йаз а дина, куьг таІо.

Ас газет схьадиллира. Цу тІехь сан уггаре гергарчу нехан, сан устазийн Іавдин а, Велин а сурт долуш, «Іавдин кІант Іела», аьлла ас Гапураев Хьасанца цхьаьна йазйина исторически очерк йара. Со цхьана ханна суьрте хьоьжуш, сацавелира... Ас дукха сатийсинера иштта газет хиларе, ас дукха сатийсинера сайна дуьненчохь уггаре хьоме хеташ болчу эвлайаийн сурт тІехь а долуш, церан дахарх лаьцна оцу кепара газет сайна баьрга гаре, и лаам болуш дара ас 1968-69-чуй шерашкахь советийн эскарехь со гІуллакх деш волуш, Іавдех а, Велех а лаьцна муридаша йаьхна а, дІаолуш а йолу назманаш вовшах а йетташ, зорбатухучу машинки тІехь айса зорба а тухуш, къайлах, буьйсанашкахь, сайн хьаькамаш дІабаханчул тІаьхьа, кеч а йеш, ши кинжка вовшахтохар, Іедална гергахь и Іаламат кхераме доллушехь. Со хІетахь а вара чІогІа воккхавеш, и гІуллакх дан сайн Дала аьтто баккхарна. (Эскарехь со кадрийн отделе балха хІоттийнера). Ас уггаре йеза библиотека, деза жайна лоруш, цІа йеанера и ши кинжка, эскарехь йоккху хан чекх а йаьлла, со цІа вогІуш. Тхан доьзалехь, дуккха а шерашкахь лаьттира и ши жайна, сан кегийчу вежарша а пайдаоьцуш. Ткъа хІинца... ХІинца баккъал а йолчу зорбанан машинки кІелхьара схьадаьлла, кхана дуккха а нахана ган мегаш, официальни, бусалба нахана лерина долу, «Исламан зІаьнарш» цІе а йолуш газет дара сан карахь. Уггар со воккхавийриг цу тІехь Іавдин а, Велин а сурт хилар дара, церан дахарера цхьа кийсиг йара, хІинццалц цхьана а эвлайаан сурт хилла дацара цхьана а заманчохь вайн махкахь, зорбанехь.

Сан бІаьргаш оцу суьрта тІехь севцира, сан бІаьргашна хьалхахула чекхйелира и хьалха дІаихна зама . Ас Іе а ца велла, газет сайн бета тІе а деана, суьртана барт баьккхира. Оццу хенахь сан бІаьргех хи делира, велхар а эккхаш... Ас куьг йаздаре хьоьжуш лаьтташ йолу оьрсийн къомах йолу печатница, уллера дІайелира, ас лелочух кхетта. ТІаккха мелла а паргІатваьлла, газетаца сайн йуьхь йуьлуш санна, эвлайаийн сурт сайн йуьхьа тІе дижийра ас, дог паргІат доккхуш. Сайн ойла йуха а йерзийна, «В свет разрешаю» йаздира, тІаккха печатнице дІаделира, станока т1е а вахана.

Зорбатоха дезаш I0 эзар экземпляр газет дара. Цхьана ткъех минотехь машино зорбатоьхначул тІаьхьа, тІе а вахана, дагар а дина нийсса 20 газет схьа а эцна, белхахочуьнга со дІавоьду аьлла, Іодика а йина, аравелира. Типографин гІишлочуьра аравалале, вавшахтоьхна, пиджакан чухула долчу кисана дехкира ас газеташ. Суна билггал моьттура, арахь машенна уллехь со ларвеш, новкъарло йан гІерташ Іедалан (КГБ-н) белхахо хир ву, суна цхьа а ца вайра. Со тешаш вацара иштта атта и чекхдер ду бохучух, цІа дІакхочуш, кетІахь, со чу кхачале новкъарло йан мега а моьттура суна, амма цхьа а новкъарло йацара кетІахь а. 20 газет а дохьуш чу кхечира со. Бакъдолуш, суна хІетахь айса дерриге



дуьне цІа деана моьттура, цхьаболчарна гІеххьа беламе хета а тарло и. Мукъа деношдІа а довлийтина, регистрационни кехаташ схьаийцира ас, йерриге тираж ара а йаьккхина, муфтияте схьа а йеана, цаьргахула нахана дІайиййкъира. Цул тІаьхьа хийламма сайга: «газетана ахь йеш йолу харжаш метта мукъане а хІуьттий хьан?», – аьлла хаттар дича, ас шина дагахь воцуш олура: «Газетан дуьххьарлерчу номеран 20 экземпляр айса цІа йаьхьначу буса, хьалха айса мел йина харжаш а, цул тІаьхьа мел йеш йолу харжаш а, хІинцачул тІаьхьа мел йен йолу харжаш а меттахІиттина сан», – олий. Бакъдолуш, хета а хетара суна иштта.

Оцу кепара дара нохчийн а, гІалгІайн а исторехь дуьххьарлера бусалба нахана лерина газет арадалар.

Цул тІаьхьа, ши-кхо бутт баьлча, газетана шенна лерина типографи кхоьллира ас, цул тІаьхьа тхешан типографехь зорбатухура.

Сан дозаллица цІераш йаха йиш йу газетехь жигара дакъалоцуш хиллачу, республикехь бевзаш болчу журналистийн. Уьш бу: Тимирханов Іаднан (ГІоьрдаларчу Тимирсолтин кІант), Барзанукаев Ахьмад (Сиржа-Эвларчу Сайд-Мохьмадан кІант), Сумбулатов Дени (Хошкалда), Тимирсултанов Іалис (БелгІатойн-Эвла), Хаджимурадова (Магадаева) Санет. Ала деза, газетаца жигара зІе латтош, цуьнан дахарехь дика накъосталла деш, цуьнан дика доттагІий хилла лаьттира, газетан штатехь шаьш бацахь а цхьамогІа жигархой. Уьш бара вайн махкахь дика бевзаш болу: этнограф Саидов ИбрахІим (БелгІатойн-Эвла), йаздархо Юсупов Іазиз (Девкар-Эвла), поэт, вайн халкъан топоними вовшахтоьхна волу Сулейманов Ахьмад (Олхазар-КІотар), кхиберш. Тхоьгарчу хІумане са а ца туьйсуш, редакце схьаэха мало а ца йеш, Іаламат мехала дакъалецира цара, шаьш цІенна бусалбанаш хилар дара цара динарг, динан газетана шайгара хуьлуш долу гІо-накъосталла хила лаам болуш шаьш хилар а дара. Царна даггара баркалла ала а лаьа суна, Дала гечдойла ала а лаьа кхелхинчарна.

Редакцин типографехь белхаш бира: Миназов Вахас, цуьнан хІусамнанас Миназова Розас, журналиста Зангаев Бадруддис.

1992-чу шарахь дуьйна соьца цхьаьна болх бан (бизнесехь) волавеллачу Сатаев Мусас (тевзанхо) соьца цхьатерра ахчанца дакъалецира цхьана муьрехь. Цунна а даггара баркалла ала лаьа суна.

Со уггаре воккхавийриг а, оцу балха тІехь сан дог ойбуш, со дІагІертийнарг а кхин цхьаъ дара: газетан редакце бусалба наха йаздеш хилла кехаташ, церан чот йина девр а дацара тхо, дукха дара уьш. Коьрта долчу декъана, и газет схьаделларна баркаллаш бохура, иштта баркаллаш бохура газетан тобанна, йаздора шайна лаамех. Дуккха а болчарна хазахетара эвлайаэх йаздина дийцарш, шайн устазех йаздар доьхура, шайна хууш дерг тхоьга йаздора, оха уьш зорбатухура, ницкъ кхачаран барамехь церан лаам кхочушбан гІертара. Доцца аьлча, уллера уьйр-безам хиларца, гергарло леладора газет арахецаран тобанца. Дела реза хуьлда царна массарна а! Газет арадала доладелла дукха хан йалале гучуйелира цхьа тоба, уьш бара эвлайааш хесторна, церан хьуьнарш дуьйцуш долчу дийцаршна инкарлонаш йеш берш. Оцу заманчохь и тайпа ойланаш йолуш нохчий хиларх цецдуьйлура тхо, тІаьхьо доккха зулам а деара ишттачара вайн махка. Цара мага ца дора эвлайааш бийцар, церан зиярташка хІиттар, цигахь доІанашца дехарш дар. Бевзаш болчу Іеламнахаца дагадовлуш, жоьпаш лора оха царна.

*Заурбеков МасІуд,*
***«Исламан зІаьнарш» изданин бухбиллархо, Нохчийн Республикан хьакъволу журналист***

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# САГIА ДАЛАРАН ГIИЛЛАКХАШ



Комаьрша хила, бIаьрмецигаллех ларло. Баккъал а Лекха волу АллахI комаьрша ву, комаьршалла йезаш а ву.

Хьайн даьхни тIера фарз закат дIало, закат схьаэца хьакъболчу къен-миска нахаца сутара ма хила.

Хьайна хало, къоьлла тIейеъча, иза Лекха волчу Делера йуй хаа, Далла тIехь таваккал доцуш, Цо кхоьллинчех цхьаьнгара хьайна гIо хир ду моьттуш, дог тешна ма хила.

Резахилар доцуш хьайна кховдийнарг схьа ма эца.

Даима сагIина хIума луш хила, дIалуш йолу хIума кIезиг а хетий, ца луш ма Iе.

СагIа хьайна а дезачух луо. Лекхачу Дала аьлла: «Шуна мел хир ма бац (йалсамани хир ма йац), шайна дезачух (шайн хьолах тоьлаш долчух) аш сагIа делча бен». (Алу Iимран сурат, 92 айат)

Хьайн лаамехь долу мелан сагIа къайлаха ло, фарз закат, кхечарна масал хилийта, гучохь ло.

СагIа даларехь хьайн лулахойх а, гергарчу нахах а, дикачу нахах а, цуьнгахь хьашто йерг хьалхавакkха.

Тешаме болчарах, гIо оьшуш йухалург дехавеанарг йуха ма тоха.

Декхар схьадала аьтто боцуш волчунна йиллина хан тIаьхьататта, тIера хIума дIадаккхий, цуьнан декхар дайде.

Маьждигаш дар, Iилма даржор санна долчу дикачу белхашна харж йе, мел ца хедаш лаьтташ долу сагIа ду иза.

Хьайн зудчунна хьайн хьолах сагIина хIума йала пурба луо.

СагIина йуург-мерг луо, диканах, кIезиг хетий, даза хIума а ма дита.

Хьайна диначу диканна баркалла ала, цунна дуьхьал дика а де, диканиг деш волчунна доIа а де.

Айхьа дина дика дицде, хьайна дина дика ма дицде. Айхьа сагIина йелларг цкъа а тIех ма тоха – цуьнан мелах вер ву хьо.

Айхьа делла сагIа хьаха ма де – цуьнан мелан бIе декъах дезткъе ткъайесна дакъа – 99 % – довр ду хьан.

*С.Б. Муртазаев*

# МОТТ-ЭЛАДИТА ЛЕЛОР – ХАРЦО КХОЛЛАР

*БисмиллахIиррохьманиррохьим*

Хастам бу Далла, Iаламаш кхоьллина, уьш кхобуш, кхиош Волчу. Делера къинхетам, маршо а хуьлда, Цо адамашка, жинашка дин кхайкхош ваийтинчу Цуьнан Элчанна Мухьаммадна а, цуьнан доьзалшна а, асхьабашна а, цара беанчу нийсачу некъа тIехь схьабогIуш болчарна а.



Мотт-эладита лелорца бусалба нехан йукъаметтиг талхор доккха къа долуш хIума ду. Иза хьарам хиларна тоьшалла деш ду Къуръанан айаташ а, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисаш а. Веза-Сийлахьчу Дала Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) омра деш, аьлла: «Хьо муьтIахь ма хила харцонна тIехь дуйнаш бууш, сийсаза волчунна, нахана тIаьхьашха луьйш, царна йуккъехь мотт-эладита дIасакхоьхьуш волчунна» («Аль-Къалам», I0,II-гIий айаташ).

Имам ГIазалис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Шена тIе мотт-эладита кхаьчначунна тIехь йалх хIума лардар декхар ду:

I. Мотт-эладита иэцна веанарг, цуьнан дош къобал ца деш, бакъ ца вар, хIунда аьлча иза Далла Iеса хилла, фасикъ волу дела.

2. Ша лелош долчу мотт-эладитанах иза йухатохар а, цунна хьехам бар а, цуьнан болх иэрчабаккхар а.

3. Делан дуьхьа цунна оьгIазвахар, хIунда аьлча Далла герга хь иза шена оьгIазло хилларг ву, Делан дуьхьа оьгIазвахар важиб ду.

4. Цо шена вуьйцучух вуон ойла йарца дегабаам цабар. Лекха хилла волчу Дала аьлла: «ХIай Ийман диллинарш, шу ларло дуккха а шайна моьттуш долчу хIуманах» (Сурат «Аль-Хьужурат», I2-гIа айат).

5.Хьайна дийцинарг бакъ ду йа харц ду хьажа гIерташ, хьо таллам беш тIаьхьа ваьлла цалелар. Лекххахиллаволчу Дала аьлла: «Нехан сакхташ лехарна тIаьхьа ма довла шу» (Сурат «Аль-Хьужурат», I2-гIа айат).

6.Мотт-эладита лелош волчунна дихкина хIума шен дегIана ца дезаш хилар, цо шена дийцинарг даржа цадар.

ШуIбата дийцина, Абу Аль-Ахьвасанна хезна хилла IабдуллахIа (Дела реза хуьлда цунна) олуш: «Баккъал а, Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш вара: «Харцонах лаций дийца ас шуна? Нахана йуккъехь бохам хир болчу агIор мотт-эладита дIасакхехьар ду иза».

Нафийран кIанта Жубайрас дийцина, Абу Дардаа (Дела реза хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Муьлхха стаг и велахь а, бехк боцчу стагана тIехь дуьненчохь иза бехвархьама ша харц цIекхоьллинарг - и бахьана долуш Къематдийнахь жоьжахатин цIергахь иза ваго АллахI-Дала чIагIо йина». Манзарийис дийцина иза.

Абу Аль-Жавзаа дийцина, Ибн Iаббасе (Дела реза хуьлда цунна) ша хаьттира, аьлла: «Ахь сунна дийцахьа, Дала Къуръана чохь «Вайлун» бохуш йолу Жоьжахатин боьра хир бу нехан сакхташ лоьхуш волчунна» аьлла, хьахийнарг мила ву?» Цо элира: «Шина вешин йукъаметтиг талхош, нахана йуккъе питана туьйсуш, мотт-эладита лелош верг ву иза». Имам СуютIис дийцина иза.

Мотт-эладита лелор бахьанехь кошахь Iазап хир ду аьлла, билгалдина жайно. Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шина кошана уллехула тIехвелира, тIаккха цо элира, аьлла: «Оцу шина кошахь волчу шинна Iазап луш ду. Цаьршинна Iазап луш дац (цаьршинна гергахь) доккха хIума бахьана долуш. Бакъду, цаьршимма динарг (Далла гергахь) доккха ду: цаьршинах цхьаъ мотт-эладита лелош вара, шолгIаниг шен хьашт кхочушдечу хенахь цинцех ларлуш вацара, нахах лечкъаш вацара». Шегахь бартхилла хьадис.

КаIба (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Мотт беттарх кхоьруш хилалаш, баккъал а, мотт бетташ хилларг кошан Iазапах паргIатвер ма вац».

ХIокху сийлахьчу айаташа, хьадисаша вайна гойтумотт-эладита лелорехь хуьлуш болу бохамаш, адамашна цо деш долу зуламаш. Дуьненан дахарехь сингаттам латтабо цо, нехан йукъаметтигаш а талхош, амма эхартахь хиндолу Iазап кхин а доккха а, луьра а ду. Веза-Сийлахьчу Дала вай нисдойла дуьненахь а, эхартахь а вайна пайден долчунна тIе, Цо вай лардойла вайн дуьне, эхарт талхош долчу хIуманах.

*АТАБАЕВ СУЛТАН*
*ХIара могIанаш вовшахтосуш пайдаэцна Магамедов Сулиманан хьехамах.*

# ИМАМЫ, ОТТАЛКИВАЮЩИЕ ЛЮДЕЙ ОТ РЕЛИГИИ

Бухари в своем сборнике достоверных хадисов привел хадис со слов Абдуллаха ибн Масуда (да будет доволен им Аллах) о том, что он сказал: «Однажды один мужчина сказал: «О, Посланник Аллаха! Я не хожу на утренний намаз в мечеть лишь потому, что имам долго совершает намаз». Услышав это, Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «О, люди! Среди вас есть те, которые отталкивают людей от религии. Если кто-либо из вас станет имамом, то пусть он совершает намаз недолго, ибо за ним стоят слабые, пожилые и нуждающиеся». В своем сборнике достоверных хадисов Бухари также привел хадис со слов Джабира ибн Абдуллаха аль-Ансари (да будет доволен им Аллах) о том, что он сказал: «Однажды ночью один мужчина приехал в мечеть на своем верблюде и стал совершать намаз за Муазом. Когда же Муаз во время намаза стал читать суру «аль-Бакара» или «ан-Ниса», мужчина вышел из коллективного намаза, совершил намаз сам и уехал. Когда же ему сказали, что Муаз не одобрил его поступок, он пришел к Пророку (да благословит его Аллах и приветствует) и пожаловался на то, что Муаз долго совершает намаз. Тогда Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) трижды сказал Муазу: «О, Муаз! Неужели ты сеешь смуту?», а затем добавил: «Почему ты не прочитал во время намаза короткие суры, как, например, «Славь имя Великого Господа своего», «Клянусь солнцем и его сиянием», «Клянусь ночью, когда она наступает». Помни о том, что за тобой совершают намаз пожилые люди, слабые и нуждающиеся». Эти случаи произошли во времена Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) и они рассказывают нам о том, что из-за энтузиазма одного из великих сподвижников, который, будучи имамом, долго совершал намаз, людям стало настолько тяжело совершать намаз за ним, что некоторые из них прекратили ходить в мечеть на коллективную молитву.

*С. Атабаев*



## НАШИ ГЕРОИ

## АМХАДОВ ХАВАЖИ (1977 – 2014)




Хаважи Амхадов родился 15 августа 1977 года в селе Алхан-Юрт Урус-Мартановского района. Учился в Алхан-Юртовской средней школе №1.

Весной 2002 года Хаважи поступает на службу в правоохранительные органы. В 2003 году он женился.

Хаважи Амхадов погиб в 2014 году в ночь с 3 на 4 декабря, когда террористы напали на республиканский Дом печати.

Когда поступил сигнал о том, что одна из разыскиваемых машин находится у Дома печати, первыми на место прибыли инспекторы Хаважи Амхадов и Адам Хасмухаджиев. «Хаважи вышел из патрульной машины, приказав напарнику отогнать машину. В этот момент по ним начали стрелять из здания. Хаважи, заняв выгодную для себя позицию, начал отстреливаться. Он стрелял в сторону террористов, вызывая огонь на себя, чтобы таким образом прикрыть напарника, дать ему выехать из зоны обстрела. Но террористы выстрелили по машине из гранатомета. Адам Хасмухаджиев чудом выжил, получив осколочное ранение. Хаважи Амхадов погиб на месте от рук снайпера», – уточнил командир.

В честь Хаважи Амхадова названа улица в его родовом селе. После гибели Хаважи в правоохранительные органы устроился егомладший брат Адам.

Дала гIазот кьобалдойла хьан, Хаважи!

## ХАТТАРШ А, ШАРИIАТЕХЬ ЖОЬПАШ А

**Бицлуш болчу нахехь йерг цамгар йу ала мегар долуш, ламазехь вицвалар бахьана долуш бала хьоьгуш нах бу. ХIун дан деза ламаз дарна а, эцарна а?**

Иштта вицвалар Дала стеган хьекъал дIаайар ду. Иштта вицвелла стаг бехке хир вац цхьана а хIуманна, хIунда аьлча «Таклиф охIла» волчуьра дIаволу иза. Иштта ша вицваларна, цхьаьнга схьа а хоуьйтуш, дан деза аьлча, ца деза аьлла, жоп делла. И цуьнга Дала хIоттийна хьал ду, тоххара таза волчу хенахь дина долчу ламазел лекха лерина Дала хIинца цо, шена дан а луш, дина ламаз. Цундела цунах тешна хир ду вай, Дала мукъ лахь.

**Йалхийтта шо кхаьчча бен рузбане ваха ца волавелла ша. Цул хьалха цавахарна Дала гечдийр дуй шена, бохуш хоьтту.**

Дела реза хуьлда цунна и само йарна. Пхийттара валлалц тIехь дац рузба, амма пхийттара валаре ца хьоьжуш вахча, йал алсам хир йу. ХIетталц ца вахча, къа йаздеш дац иза. Дала ийманехь нисвалар лойла цунна.

**ТIера бедар ламазна цIена цахилар коьртера а даьлла ламаз динехь йа ламаз дина ваьллачул тIаьхьа бен и бедар боьха йуй ца хиънехь, хIун дан деза?**

Ламаз дарца саготта волуш, боьха бедар хийца вицвелла йа ламаз динчул тIаьхьа бен и бедар боьха йуй ца хиънехь, хIун дан деза аьлча, ламазан хан тилаза йелахь, шен бедар хийца а хийцина, йухадан деза ламаз. Нагахь санна ламазан хан тиллачул тIаьхьа шена и хиънехь, шен маса ламаз дисина дагар а дина, доькхуш дан деза. Дала товфикъ лойла царна нисбаларехь.

**ВерхIитта шо кхаьчна кIант ву шен, мотт хууш а, хезаш а вац. Цунна ламаз ца Iамало шега, цунах къа-м хир дац шена, бохуш хоьтту.**

Нагахь санна дIааьлларг тIаьхьара схьаалалучу хьолехь и бер делахь, ламаз Iамадо вай цунна, амма и схьадийца цахаарх а, цо схьалоццург хьеха деза цунна. Схьабийца мотт ца хаахь, ламаз деш санна, хьала-охьа теIча а, йал йу цунна. Вайна бийца мотт белларг а, ниIматаш делларг а Дела ма ву, Цунна гуш ма ду вай Шен дуьхьа деш дерг. Дала Шен йоле йуьллийла цуьнан Iамал.

**Ламаз тIехь рукуIе воьдуш а, иIтидале хьалавогIуш а, куьйгаш айдаран хьокъехь тайп-тайпана дуьйцу. Цуьнах лаций бакъахьа дерг дийцахьара.**

Куьйгаш айъарх лаьцна дерг шариIатехь дийцина ду. Куьйгаш ойъур ду ламазна хьала-охьа таьIачу меттехь, ламаз доьхкуш ма-айъара, хьала а дохуьйтур ду, йуха охьа а дохуьйтур ду аьлла, билгалдина ду. Цхьаболчу имамаша и магийна схьаэцна. Царах ву вайн мазхIабан имам волу ШафиIи. Цхьаболчара и схьа ца эцна, ткъа царах ву Абу-Хьаннифат. Оцу мазхIабехь сецна волчу стага шайн имама хьехнарг лелийча, и бехказа ву. ШафиIин мазхIабехь куьйгаш айъа сацам бина, ткъа вай цу мазхIабехь ду.

*Хаттаршна жоьпаш делла*
*КЪКФО-н Iелимнехан кхеташонан куьйгалхочо*
*Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжас*

# ГIИЛЛАКХО ЙАЛСМАНЕ ВУЬГУР ВУ

### ПIЕРАСКАН ДИЙНАХЬ МАЬЖДИГЕХЬ БИНА ХЬЕХАМ

Лекхачу дарже кхачор ву Дала стаг, цо хаза гIиллакх леладахь. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) боху: «Бусалба нехан ийман хилар, хаза гIиллакх хилар ду». Угтар чIогIа ийман дерг шен доьзалца кIеда-мерза верг ву. Доьзалца кIеда-мерза хиларна йукъадогIу кIоршаме цахилар, доьзалан хьашт кхочудеш хилар. Вай ца боху, доьзалхочуьнгара ледарло йаьлча а, Дела реза воцу гIалат цаьргара даьлча а кIеда-мерза хила. Дела реза хир воцу гIалат даьллехь, шен берана тоха а мегар ду, човхо а мегар ду, дов дан а мегар ду. ХIунда аьлча царгара йаьллачу ледарлонна бекхам хила безаш бу.

Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьаттина боху асхьабаша: «Дукхах долу адамаш Йалсамане дуьгур долуш дерг хIун ду?» - алла.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) жоп делла: «АллахI- Делах кхерар ду, хаза гIиллакх ду», аьлла.

Делах кхерарца хоьттина ду хаза гIиллакх. Ткъа Делах кхерар хIун ду? Дала де бохург дар, ма де бохург цадар. ГIиллакккхан хазалла йу воккханиг ларар, жимачух къинхетамбар. Стаг шен цIентIехь, иза мел воккха хьаькам велахь а, неIарехь Iан везаш ву, хьаша-да баьрччехь а волуш. ХIора къоман шен-шен гIиллакх ду, Iадат ду.

Муса пайхамаран заманчохь йокъа хIоьттина хилла, догIа ца догIуш. Лаьттахь мел долу гIа-буц дакъаделла хилла. Шен къам схьа а гулдина, доIа деш хилла цо Деле догIа доьхуш. АллахI-Делера кхайкхам беана цуьнга, халкъана йукъахь волу Iеса стаг дIаваллалц, догIа доуьйтур дац, аьлла. Муса пайхамара шен халкъе элира боху: «ХIай, сан къам, вайна йуккъехь Iеса стаг ву. Иза бахьанехь вайн доIийна жоп ца ло Дала».

Иштта къамел дича а, нахана йукъара цхьа а дIаволуш ца хилла. Йуха а Деле доIа дина Мусас догIа доьхуш, дерриг халкьо а дина доIанаш. ТIаккха Дала Шен къинхетам тIе а боссийна, догIа даийтина.

Цул тIаьхьа Мусас кхайкхам бина Деле: «ХIай, Везан Дела, тхуна йуккъера цхьа а дIа а ма ца вели, Ахь догIа а ма даййити, хIун ду - те иза, дийцахьа!- аьлла.

«ХIай, Муса, оцу Iесачу стага шегарчу Iесаллина дохко а ваьлла, тоба дарна, даийтира догIа», - аьлла Дала.

Мусас дехар дира боху Деле: «ХIай, Везан Дела, мила ву-те иза, гайтахь и суна», - аьлла.

АллахI-Дала элира боху: «ХIай, Муса, Iеса волуш иза гучуваьккхина йуьхьаIьржа ца хIоттийра Ша, цо тоба динчул тIаьхьа иза йуьхьIаьржа муха хIоттор ву Ша».

АллахI-Дела вайх къинхетам бан лууш ву, вайн сакхташ хьулдеш ву, ткъа вай денна къинош летош ду. Нагахь вай нислуш ца хилахь, къинош алсам девр ду, бегочуьра мохк а соцур бац.

Къинош летош болчу нахана йукъахь угтар гIоле верг тоба деш верг ву. Вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дийнахь-буса бIозза тоба деш хилла.

Везачу Дала тоба къобалдойла вайн, тобанца къинхетам бойла вайх. Дала хьанал рицкъ лойла вайна, хьарам рицкъанна гена а дохийла вай!



*С. Атабаев*

# ВОПРОС-ОТВЕТ

**1. Обязательно ли женщине во время намаза быть в носках?**

По поводу того, являются ли стопы ауратом, в ханафитском мазхабе есть несколько мнений. Во многих авторитетных трудах сказано, что стопы в намазе не являются ауратом. Следуя этому, надевать носки для намаза необязательно и намаз будет действительным. Но есть и другое весомое мнение, как и в мазхабе имама аш-Шафии, что стопы тоже являются ауратом. Поэтому лучше проявить предосторожность и надеть носки или прикрыть стопы другим способом. Предосторожность в поклонении является поощряемым действием.



**2. Как быть опоздавшему на джамаат-намаз, если ряд полный и для него в нём нет места?**

В такой ситуации надо подождать, пока ещё кто-нибудь подойдёт, чтобы вы могли составить дополнительный ряд, если не опасаетесь, что можете опоздать на ракаат. В ином случае попросите кого-нибудь из первого ряда встать с вами. Но если никто не встанет рядом с вами, то вступайте в намаз, стоя один.

**3. Когда отдаёшь закят с имущества, нужно ли сообщать, что это закят, или просто отдать, сказав, что это садака?**

Обязательно наличие намерения во время выдачи закята. Но необязательно говорить, что это закят («Любаб»).

**4. На территории нашей мечети растёт абрикосовое дерево. Как поступить с плодами, которые оно даёт?**

Плоды такого дерева принадлежат мечети. Поэтому действовать следует в соответствии с намерениями, с которыми было посажено это дерево: если посажено для мечети, его плоды расходуются на её нужды; если же для прихожан или с иными намерениями, то есть их дозволяется («Фатх уль-Аллам», т. 3, стр. 290).

**5. Можно ли усыпить свою собаку?**

Купили детям бассейн, а собака его разорвала, на кур кидается, душит их, много убытков от неё. Не разрешается убивать домашнюю собаку, если она не вредит. Если же она вредит, как это очевидно в вашем случае, то усыпить её дозволяется. («Ад-Дурруль Мухтар», «Хашияту ибн Абидин», т. 2, стр. 570).

**6. Разрешается ли покупать и продавать вещи, без которых можно обойтись, например красивые номера, которые намного дороже, чем обычные?**

Можно. Это право продавца и покупателя.

**7. Можно ли дать деньги тому, кто отправляется в хадж, чтобы он там зарезал курбана за моих умерших?**

Приносить в жертву животное-курбан за умершего человека разрешено. В труде «Бадаи ас-санаи» сказано: «Смерть не препятствует в том, чтобы за покойного совершали поступки, приближающие его ко Всевышнему. Доводом для этого служит то, что за покойного можно раздавать садака и совершать хадж.

В достоверном хадисе передаётся: «Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) принёс в жертву двух баранов: одного за себя, второго за тех, кто не порезал курбана из его уммы». И в комментарии после хадиса говорится: «Даже если кто-либо из них уже покинул этот мир до того, как зарезал курбана». Ибн Абидин пишет: «Кто зарезал курбана за покойного, может есть сам из этого мяса и раздавать другим.

Вознаграждение будет умершему, а принадлежит животное тому, кто его зарезал». В вашем случае оно принадлежит тому, кто дал деньги. Если покойный завещал зарезать за него курбан, то это мясо раздают, но сами не едят («Хашияту ибн Абидин»).

**8. Является ли талкин, который совершается сразу после захоронения умершего у его могилы, дозволенным с точки зрения учёных ахлю сунны, или это лишь обычай наших предков?**

Табарани в книге «Аль-Кабир» под № 7979 приводит слова сподвижника Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) Абу Умамата (да будет доволен им Аллах), который сказал: «Когда я умру, то похороните меня так, как велел Пророк (да благословит его Аллах и приветствует), который нам повелел: «Когда кто-либо из ваших братьев умрёт, и вы похороните его, выровняв землю над его могилой, пусть один из вас встанет у его могилы и скажет: «О такой-то, сын такого-то».

Умерший тогда ответит: «Наставь нас, да смилостивится над тобой Аллах». Но вы не услышите его ответ. И пусть (стоящий у могилы для чтения талкина) скажет: «Узкур ма хараджта аляйхи мина дунья (Ты вспомни то, с чем ты покинул этот свет)», – и прочитает талкин до конца». Ибну Араби говорил: «Когда человека похоронят, то желательно (мустахаб) сразу же прочесть талкин. Так поступали жители Медины и благочестивые люди, потому что это соответствует слову Всевышнего Аллаха (смысл): «“Ты напомни; поистине, напоминание принесёт пользу верующим” (сура «Аз-Зарият», аят 55)».

**9. Можно ли женщине перед хаджем побрить голову, так как у неё выпадают волосы из-за их болезни? И налагается ли штраф, если волосы выпадают таким образом?**

Женщинам не разрешается брить голову. Штраф на паломника не налагается, если волосы выпадают из-за болезни, связанной с волосами («Хашияту Шурунбуляли»).

**10. Сон в суджуде не нарушает намаз, а если человек заснул в другом положении, стоя или при сидении... Намаз и омовение в таком случае нарушаются?**

Если человек уснул в намазе – стоя, сидя, в поясном поклоне или суджуде, то намаз не нарушается, если все эти движения были выполнены по сунне. Например, если во время суджуда мужчина руки держал как положено: локтями не касался пола и боков, живот не касался бёдер, то сон в таком положении не нарушит намаз, так как он всё ещё контролирует себя.

Если же человек уснул в суджуде и при этом животом касался бёдер, локтями – земли и т. д., тогда нарушается омовение и автоматически – намаз. И ещё стоит обратить внимание на следующее. Если сделал какое-либо движение, например поясной поклон, в состоянии сна, то нужно повторить этот поясной поклон. Если же сделал поклон и потом заснул, то повторять не нужно («Маракиль Фалях»).

*Газета «Ас-салам»*



# 7 ХАДИСОВ ДЛЯ ТЕХ, КТО ПРЕНЕБРЕГАЕТ НАМАЗОМ




### ВОПРОС: «ЧТО ОЗНАЧАЕТ ВЫРАЖЕНИЕ «НАМАЗ – ОПОРА РЕЛИГИИ»?».

**Ответ:** «Значение намаза огромно. В связи с этим в хадисах говорится: «Положение намаза в религии подобно тому, какое положение занимает голова по отношению к телу» **(Табарани).**

«Первым, о чем будет спрошен раб в судный день, является намаз. Если человек совершал намаз, то и все другие его деяния будут приняты. Если же он не совершал намаза, то и другие его деяния не будут приняты» **(Табарани).**

«Человек, который должным образом совершает намаз, будет очищен от грехов, подобно тому, как листья осыпаются с дерева» **(Ахмад ибн Ханбал).**

Поскольку совершение намаза является великим поклонением, то соответственно невыполнение намаза является великим грехом. По этому поводу в хадисах говорится: «У того, кто не совершает намаз, нет религии» (Ибн Наср).

«Тот, кто совершает намаз, будет спасен в судный день, а не совершавшего намаз ожидает разочарование» (Табарани).

«У того, кто намерено оставил намаз, не будет приняты другие виды поклонения, и он будет лишен защиты Аллаха до тех пор, пока снова не начнет совершать намаз» **(Абу Нуайм).**

Тот, кто знает, насколько большим грехом является невыполнение намаза, обязательно будет совершать его, даже в том случае, если будет болен настолько, что не сможет стоять на ногах. Разве бросит себя в огонь тот, кто знает, как сильно он обжигает? Разве тот, кто остерегается ада и стремится к раю, не станет совершать намаз?

В одном из хадисов говорится: «Тот, кто хочет рая, но при этом не избегает того, что Аллах запретил, тот лжец в своем желании» **(Байхаки).**

*Islam-Today*

# ИЗУЧЕНИЕ КОРАНА



Коран – главное руководство жизни мусульманина, которого мы просто не можем игнорировать будучи верующими. Изо дня в день мы обращаемся к Нему в поисках руководства и наставления от Всевышнего. Коран читаем и в горе, и в радости, и в надежде, и в печали, и в любых жизненных ситуациях. Возможно, иногда нам кажется, что Коран не оказывает того эффекта и влияния на нашу жизнь, которого бы нам хотелось. Для тех, кто стремится укрепить свои отношения с Кораном, следует выполнить следующее.

**1. СДЕЛАЙТЕ НАМЕРЕНИЕ**

Самое первое, что должен сделать человек, перед тем как взять Коран в руки, взглянуть в свое сердце и обрести искреннее намерение, для чего вы его читаете. Просто прочитать и забывать об этом. Или, как говорила Аиша про Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), стать олицетворением Корана. Читайте Коран с благим намерением стать лучше и применять Коран в жизни, и обрести довольство Всевышнего Аллаха.

**2. СОВЕРШИТЕ ОМОВЕНИЕ**

Омовение является физическим и ментальным приготовлением к чтению Корана, который не сравнится с любой другой книгой, поэтому к нему нужно готовиться по-особенному. Читая Коран, вы общаетесь со Всевышним, чистота должна при этом стать обязательным условием.

**3. ЕСЛИ ВЫ ИСПЫТЫВАЕТЕ ЗАТРУДНЕНИЯ, НАГРАДА УВЕЛИЧИВАЕТСЯ**

Не беспокойтесь, если вы плохо знаете арабский, не знакомы с таджвидом. Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Поистине тот, кто читает Коран красиво, ровно, и точно, будет в компании благородных и послушных ангелов. А что касается того, кто читает с трудом, запинаясь при чтении стихов, то он удостоится двух наград.

**4. НАЙДИТЕ УЧИТЕЛЯ**

Запишитесь на курсы или занимайтесь индивидуально, найдите себе наставника, который учил бы вас всем тонкостям чтения Корана и арабскому. Очень действенно изучать Коран в группах, соревнуясь между собой.

**5. ПОНИМАЙТЕ ТО, ЧТО ЧИТАЕТЕ**

Читать Коран на арабском хорошо, но вам также следует понимать, что вы читаете. Обзаведитесь хорошим переводом Корана на языке, который вы лучше понимаете. После прочтения суры на арабском прочитайте его перевод, чтобы знать, о чем идет речь.

**6. ЧИТАЙТЕ ХОТЯ БЫ ПО 5 МИНУТ КАЖДЫЙ ДЕНЬ**

Уделяйте Корану хоть немного времени, но каждый день. Старайтесь быть постоянными в этом деле. Сделайте своей привычкой ежедневное чтение слов Аллаха. Начните с пяти минут, со временем они перерастут и в 10, 15 и больше минут.

**7. СЛУШАЙТЕ КОРАН**

Старайтесь не только читать, но и слушайте Коран. Многие люди лучше воспринимают на слух. К тому же, при этом будут запоминаться мотив и интонация чтения Корана. Данный метод очень удобен при поездке в машине, в дороге и т.д.

**8. СОВЕРШАЙТЕ ДУА**

Единственный, кто может вам помочь при изучении и во взаимоотношениях с Кораном – это Аллах Всевышний. Просите Аллаха даровать вам ключи от знаний, легкости в обучении и увеличение стремления к Корану. Аллах непременно поможет своим искренним и упорствующим рабам в таком благом начинании.

**9. ОТГОРОДИТЕ СЕБЯ ОТ ЗАПРЕТНОГО**

Один грех влечет за собой другой и провоцирует искоренение благих дел. Окружайте себя хорошими людьми, совершайте благое и отдаляйтесь от запретного. Ведь тот, кто совершает греховное, противоречит естеству Корана и является лицемером.

*«Ислам сегодня»*



# В ГРОЗНОМ ПРОВЕЛИ МАСТЕР-КЛАСС ПО ИСЛАМСКОМУ ФИНАНСИРОВАНИЮ



В ГГНТУ ИМ. АКАД. М. Д. МИЛЛИОНЩИКОВА ПРОШЛА ВСТРЕЧА С СОВЕТНИКОМ МУФТИЯ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ ПО ИСЛАМСКИМ ФИНАНСАМ И ПРАВУ АЛХАЗУРОМ ТАЗБАЕВЫМ.

Тема мастер-класса — «Финансирование проектов по правилам Ислама». Участникам рассказали о том, как привлекать средства для стартапов, вести бизнес честно и соблюдать духовные принципы в предпринимательской деятельности.

Алхазур Тазбаев подчеркнул, что истинный предприниматель должен стремиться не только к прибыли, но и к довольству Всевышнего.

Среди ключевых принципов исламского финансирования отмечены справедливость и полезность бизнеса, честность и прозрачность сделок, верность обязательствам, запрет на риба (ростовщичество), а также долгосрочность и ответственность перед будущими поколениями.

Студенты и участники мероприятия обсудили, как создавать стартапы, которые приносят пользу обществу и соответствуют нормам исламского права.

*«Грозный информ»*



# ФОНД КАДЫРОВА ПЕРЕДАЛ БАТАЛЬОНУ «ЭРЗИ» В ЛНР РЕЛИГИОЗНУЮ ЛИТЕРАТУРУ И ПРОДОВОЛЬСТВЕННУЮ ПОМОЩЬ



По поручению Советника Главы Чеченской Республики, Муфтия ЧР, Председателя КЦМСК, доктора исламских наук Шейха Салаха-Хаджи Межиева, Руководитель Аппарата Духовного управления мусульман ЧР Супьян Курбанов и Спецпредставитель КЦМСК Игбал-хаджи Акперов с гуманитарной миссией посетили батальон «Эрзи» в Луганской Народной Республике.

В рамках проекта «Сила традиций: от прошлого к будущему» представители духовенства передали военнослужащим ковры, Священные Кораны и религиозную литературу для обустройства молитвенной комнаты, а также продукты питания и сладости.

Во время визита они совместно с бойцами совершили коллективный намаз, оказали духовную поддержку и выразили готовность продолжать помощь в дальнейшем. Командир батальона Ахмед Котиев поблагодарил гостей за внимание и подчеркнул важность духовной поддержки для укрепления веры и боевого духа военнослужащих.

Акция проведена при финансовой поддержке Регионального общественного фонда имени Первого Президента Чеченской Республики, Героя России Ахмат-Хаджи Кадырова и Фонда поддержки исламской культуры, науки и образования.

*«Грозный информ»*



**ДӀахьош ду «Исламан зӀаьнарш» газете йазвалар!**
**34 шо дӀадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьххьарлера бусалба динан газет «Исламан зӀаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Іедал долуш бусалба газет арадалар. Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХӀетахь дуьйна газетан агӀонаш тӀехь оха зорбатуху Іеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гӀиллакхаш, Іадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.**
**Йазло «Исламан зӀаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.**

**Учредитель:**
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

**Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров**
**Основатель газеты М. Д. Заурбеков**
**Главный редактор Ф. М. Заурбекова**

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori_islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928,
Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать 05.11.2025 г. 15:00. Подписано в печать: 05.11.2025 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии АО «ИПК «Грозненский рабочий». Адрес типографии: 364021, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35.
Индекс издания ПА882.

**16+**

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!